

Sante Oral


Fason pou Pran Swen Bouch Ou, Dan W ak Jansiv Ou

Manje Byen



Manje manje ki ekilibre epi pa manje twòp sik, sitou ant repa yo.

Panse pou Mete Aparèy Dan



Si ou gen dan ankonbre, dan chenèt oswa dan kwochi, pale ak dantis ou sou zafè aparèy dan an. Lè dan w yo byen aliye, sa kapab amelyore sante bouch ou epi ranfòse konfyans ou.

Kenbe Dan Ou Pwòp



Bwose dan ou de (2) fwa pa jou epi pase fil dan chak jou. Mande dantis ou a si w ka itilize fliyorid ak pansman dan pou evite gen dan pouri.

Ale kay Dantis



Al fè tchèkòp dan regilye. Pwograme vizit yo chak sis (6) mwa avèk dantis ou a pou evite maladi nan bouch epi detekte pwoblèm yo bonè, lè yo pi fasil pou yo trete.

Rete Idrate



Bwè dlo tiyo. Fliyorid ki nan dlo tiyo NYC la bon pou dan w epi li pèmèt ou evite gen dan pouri.

Evite Fimen ak Pwodui Sigarèt Elektwonik yo



Lè w kite fimen oswa itilize sigarèt elektwonik, sa kapab amelyore sante bouch ou ak sante w an jeneral epi ede w ekonomize lajan. Voye mesaj tèks **DROPTHEVAPE** nan 88709 pou w patisipe nan yon pwogram sipò oswa rele nan 866-697-8487 pou w pale ak yon pwofesyonèl ki pou ede w kite fimen.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan lyen sa a nyc.gov/childrensoralhealth oswa eskane kòd QR la.



Pou yo ede w jwenn yon dantis bon mache ki toupre ou, rele **311** oswa ale nan lyen sa a nyc.gov/health/map. Pou yo ede w enskri nan asirans sante oswa ede w renouvle asirans sante tankou Child Health Plus, rele **311** oswa 347-665-0214 oswa ale nan lyen sa a nyc.gov/health/healthcoverage.